

PRE PREMIE TIRAJ PWOGRAM PWOTEKSYON CHEK SALE A

SBA ap relouvri Pwogram Pwoteksyon chèk salè (PPP) a pou Prè Premye Tiraj semèn 11 janvye 2021 an. Prè Premye Tiraj PPP ka sèvi pou ede finans depans pewòl yo, san bliye prestasyon avantaj yo. Lajan ka sèvi tou pou peye enterè ipotèk, lwaye, sèvis piblik, depans pwoteksyon travayè ki gen rapò ak KOVID-19, depans domaj byen ki pa gen asirans ki te lakòz piyaj oswa kraze brize pandan lane 2020 an, ak sèten depans founisè ak depans pou operasyon yo.

Kondisyon pou Padon Konplè

Prè Premye Tiraj PPP yo bay pretè elijib kalifye pou padon prè total si pandan peryòd kouvri 8 a 24 semèn lan apre debousman prè a:

- Anplwaye ak nivo konpansasyon yo kenbe;
- Benefis prè yo depanse nan depans pewòl ak lòt depans kalifye; epi
- Omwen 60 pousan nan benefis yo depanse nan depans pewòl yo.

Ki moun ki ka aplike

Ti antite ki kalifye yo, ki ansanm ak afilye yo (si genyen), gen 500 oswa mwens anplwaye--tankou òganizasyon ki pap fè lajan, òganizasyon veteran, enkyetid tripi, moun ki travay endepandan, konpayi ak yon sèl pwopriyete, ak antreprenè endepandan-ka aplike. Antite ki gen plis pase 500 anplwaye nan sèten endistri ki satisfè estanda gwosè altènatif SBA a oswa estanda gwosè SBA a pou endistri patikilye sa yo ka aplike tou.¹

Replikasyon ak ogmantasyon prè

Pretè PPP ki deja egziste ki pat resevwa padon prè rive jiska 27 desanm 2020 kapab: (1) aplike ankò pou yon Prè PPP Premye Tiraj si yo te deja retounen kèk oswa tout lajan Prè PPP Premye Tiraj yo, oswa (2) nan sèten sikonstans, mande pou yo chanje kantite lajan Prè PPP Premye Tiraj yo si yo pat aksepte anvan sa tout kantite lajan yo te kalifye pou li a.

Ki jan ak ki lè pou aplike

Pretè ka aplike pou yon Prè PPP Premye Tiraj jouk 31 aas 2021, atravè nenpòt kredite SBA 7(a) ki egziste deja oswa atravè nenpòt enstitisyon depo ki gen asirans federal, sendika ki gen asirans federal, kredite kalifye ki pa labank, oswa enstitisyon Sistèm Kredi Agrikòl ki patisipe nan PPP. Tout nouvo Prè PPP Premye Tiraj pral gen menm kondisyon yo kèlkeswa kredite oswa pretè lajan. Ou ka jwenn yon lis pretè patisipan ansanm ak lòt enfòmasyon ak kondisyon [ISIT LA](#).

Garanti Aksè pou tout moun

SBA kontinye mande patnè kredite li yo, tankou Enstitisyon Finansye pou Devlopman Kominotè (CDFIs nan lang angle) ak Enstitisyon Depo Minorite yo (MDIs nan lang angle), pou yo fè plis efò nan ede pretè kalifye ki nan kominote desèvi ak defavorize. Yo mete soukote omwen \$15 milya dola pou Prè PPP Premye Tiraj yo pou pretè ki kalifye ak yon maksimòm 10 anplwaye oswa pou prè \$250,000 oswa mwens pou pretè ki kalifye nan katye moun revni fèb oswa modere. Pou fasilite aksè pou pi piti pretè yo ak kliyan yo, SBA pral okòmansman aksepte aplikasyon prè sèlman nan men enstitisyon finansye kominotè apati 11 janvye 2021. PPP pral louvri pou tout pretè patisipan yo yon ti tan aprè.

Vizite www.sba.gov oswa www.treasury.gov pou plis enfòmasyon ak detay, tankou règleman pwogram detaye.

¹ Oganizasyon ki kalifye tou pou aplike pou Prè Premye Tiraj PPP a se biznis ki gen yon Kòd NAICS ki kòmanse ak 72 (sekte lojman ak sèvis manje) oswa nouvo òganizasyon kalifye ki pa gen plis pase 500 anplwaye nan chak adrès yo, ansanm ak koperativ lojman, òganizasyon 501(c)(6), oswa òganizasyon kap fè maketing destinasyon ki pa gen plis pase 300 anplwaye.